

La Bib pou ti moun
prézanté

Pwomès
Bondye te
fè Abraram
nan



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Maillot; Tammy S.

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Lontan lontan apre
gwo delij la, moun
yo sou latè te
genyen yon lide.



"Ann bati yon gwo vil ak yon
gwo tou (tour) ki rive jis nan
syèl la. Nou ap kapab viv
ansanm pou tout tan." Yo tout
te konn pale menm lang lan.



Bondye te vle pou moun yo viv tout
kote nan mond li te kreye a. Se
konsa, li te fè yon bagay espesyal.
Toudenkou, kèk gwoup moun te
kòmanse pale lang kip a menm.
Bondye te ba yo lòt lang
diferan.




Moun yo ki te pale menm lang lan te pati ale ansanm.
Petèt yo te pè moun yo pa te kapab konprann yo. Nan
fason sa a, Bondye te fòse moun yo ale viv nan tout
peyi nan mond lan. Vil yo te sispann bati a te rele
Babèl,




ki vle di
Konfizyon.




Plizyè lane apre,
nan yon kote yo te
rele Our nan Kalde
(Chaldée), Bondye
te pale ak yon nonm
yo te rele Abram.
"Kite peyi w la,"
Bondye te ba li lòd.
"Ale nan peyi
mwen ap
montre w la."




Abraram te obeyi. Bondye te mennen l' nan
peyi Kanaran. Madanm li Sarayi ak neve li Lòt
te ale avè l'.



Nan Kanaran, Abram ak Lòt te vin
rich. Yo te genyen gwo twoupo bèt.
Pa te gen ase savann (patiraj) pou
tout bèt yo.



Gadyen bèf Lòt yo t ap diskite ak
Gadyen Abram yo. "Ann pa diskite,"
Abram di. "Nou dwe separe nou.
Lòt, chwazi tè w vle a."



Lòt te chwazi yon bèl plèn vèt ki te
genyen vil ak vilaj. Sa te sanble yon
bagay. Men, vil sa yo pa te bon
menm.



Aprè Lòt te fin ale, Bondye te pale
ak Abram ankò. "Mwen ap ba w peyi
Kanan an pou tout tan. M ap bay
pitit ou yo li tou." Abram ak Sarayi
pa te genyen pitit. Ki jan Bondye ta
kapab kenbe

pwomès
sa a ?





Twa mesye Bondye te voye t al vizite
Abram ak Sarayi.





"Ou pral fè yon tibebe pa twò
lontan," yo te di. Sarayi te tonbe ri. Li pa
te kwè mesaj Bondye a. Li te genyen 90 lane.






Bondye te di Abram apati kounye a li t apral rele
Abraram epi Sarayi t apral vin tounen Sara.




A black and white line drawing depicting a scene of domestic violence. In the foreground, a woman with long hair is being held back by two other women. The woman on the left is looking towards the right with a concerned expression, while the woman on the right is holding the central woman's arm. In the background, a man is raising a stick or bat, ready to strike a woman who is cowering on the ground. The setting appears to be an outdoor area with simple buildings in the background.




Lòt te kwè nan
avètisman Bondye a,
men mari pitit fi li yo
pa te vle kite Sodòm.
Ala yon trajedi ! Yo
pa te kwè Pawòl
Bondye a.




Se sèlman Lòt ak de pitit
fi li yo ki te sove. Dife
ak souf te tonbe sou vil
dyabolik yo.



Malerezman, madanm Lòt la
te dezobeyi Bondye epi li te
vire gade dèyè pandan li t ap
kouri. Li te tounen
yon estati sèl.



Senyè a te kenbe
pwomès li te fè
Abraram ak Sara
a. Yo te fè yon
pitit lè yo te vin
granmoun, jan
Bondye te di li a.
Ala kè kontan lè
Izarak te fèt !



Petèt Abraram te
panse tou ak pwomès
Bondye te fè li pou l
ba li, li menm ak pitit
li yo peyi Kanaran an
pou tout tan. Bondye
ap kenbe pwomès

sa a tou.
Bondye

toujou kenbe
pwomès li yo.




Pwomès Bondye te fè Abraram nan
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan


Jenèz 11-21

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





4



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

